

# Medikaman pou Pa Pran Malarya Pandan W ap Vwayaje Atovaquone-Proguanil (Malarone™)

## Kisa atovaquone-proguanil ye?

Atovaquone-proguanil se yon melanj de (2) medikaman, atovaquone ak proguanil, nan yon sèl gress. Li disponib nan Etazini sou preskripsyon sèlman. Yo vann li sou non komèsyal Malarone, epi yo vann li tou kòm yon medikaman jeneric an de (2) gwosè:

Gress pou adilt: atovaquone 250mg plis proguanil 100mg

Gress pou timoun: atovaquone 62.5mg plis proguanil 25mg

Doktè kapab preskri ou atovaquone-proguanil pou swa pou pa pran malarya oswa pou trete malarya.

Fèy enfòmasyon sa a bay enfòmasyon sou fason pou itilize medikaman an pou pa pran enfeksyon maladi lè w ap vwayaje.



## Kimoun ki kapab pran atovaquone-proguanil?

Doktè kapab preskri atovaquone-proguanil pou adilt ak timoun ki peze omwen 11 liv (5 kg).

## Kimoun ki pa ta dwe pran atovaquone-proguanil?

Fanm ansent yo, fanm k ap bay tibebe yo tete epi tibebe yo peze mwens pase 5kg, oswa tibebe ki peze mwens pase 5kg pa ta dwe pran atovaquone-proguanil. Epitou, moun ki gen maladi ren ki grav pa ta dwe pran atovaquone-proguanil.

## Kijan mwen ta dwe pran atovaquone-proguanil?

Adilt ak timoun ta dwe pran yon dòz atovaquone-proguanil pa jou apati omwen yon jou oswa de (2) jou anvan yo vwayaje pou ale nan zòn kote moun ap transmèt malarya. Yo ta dwe pran yon dòz chak jou pandan yo nan zòn nan, epi pandan 7 jou youn-aprè-lòt apre yo kite zòn nan. Nan ka ki ra (tankou si ou te sispann pran yon lòt medikaman kont malarya pou pran atovaquone-proguanil) doktè ou ka ba ou enstriksyon pou pran li pandan yon peryòd tan ki pi long.

Dòz chak jou pou adilt yo se yon sèl gress pou adilt.

Dòz chak jou pou timoun yo depannde gwosè yo. Lis ki anba la a montre dòz chak jou pou timoun yo selon gwosè yo:

Timoun ki peze 5–8 kg ta dwe pran yon  $\frac{1}{2}$  gress timoun chak jou,

> 8–10 kg:  $\frac{3}{4}$  gress timoun chak jou

> 10–20 kg: 1 gress timoun chak jou

> 20–30 kg: 2 gress timoun chak jou

> 30–40 kg: 3 gress timoun chak jou

> 40 kg: 1 gress adilt chak jou

Ou ta dwe atovaquone-proguanil avèk manje oswa yon bwason abaz lèt.


## Ki kote mwen kapab achte atovaquone-proguanil?

Medikaman kont malarya yo disponib nan Etazini sou preskripsyon sèlman. Ou ta dwe jwenn medikaman yo nan yon famasi anvan ou vwayaje olye ou jwenn li nan peyi kote ou prale a. Gen risk si ou achte medikaman yo nan peyi etranje: medikaman yo kapab gen move kalite, yo kapab fo epitou yo kapab pa pwoteje ou kont malarya.

## Nan ki kote nan lemonn yo kapab pran atovaquone-proguanil pou prevansyon malarya sou travayè?

Pou kounye a, moun kapab pran atovaquone-proguanil nan nenpòt kote nan lemonn ki gen moun ki gen malarya.

CDC ap kontinye swiv tout kote nan lemonn moun ap transmèt malarya epi ki gen medikaman kont malarya ki rekòmande pou itilize nan chak kote. Ou kapab jwenn enfòmasyon sa yo avèk plan ki sou sitwèb CDC pou malarya: <http://www.cdc.gov/malaria/map/index.html>.



Kat jewografik sa a montre yon estimasyon kote nan lemonn kote moun ap transmèt malarya. Pou jwenn enfòmasyon ki pi detaye sou ka transmisiyon malarya nan peyi egzat, tanpri itilize Aplikasyon konvènsyonèl Kat Jewografik Malarya.

# Atovaquone-Proguanil (Malarone™)

Malarya se yon maladi grav ki kapab lakòz lanmò si li pa trete touswit. Moun pran maladi a akòz yon parazit ki kapab enfekte yon sèten kalite moustik ki manje imen.

Chak ane, doktè dekouvri apeprè 1,700 ka malarya nan Etazini. Prèske tout ka sa yo se sou vwayajè ki ale nan kèk kote nan lemonn ki gen moun ki gen malarya.

## Èske atovaquone-proguanil ap reyaji avèk lòt medikaman mwen yo?

Kèk lòt medikaman kapab reyaji avèk atovaquone-proguanil epi yo lakòz ou gen pwoblèm. Doktè ou responsab pou evalye lòt medikaman w ap pran yo pou asire youn pa reyaji kont lòt epitou pou asire yo pa reyaji kont atovaquone-proguanil. Nan kèk ka, doktè ou kapab ajiste medikaman yo pou diminye reyaksyon yo nèt youn ak lòt. Ou kapab mande famasyen ou tou pou tcheke si medikaman yo ap reyaji youn ak lòt.

Pa egzanp, moun k ap pran medikaman komen pou fè san yo pi likid ki rele Coumadin ka nan yon pi gwo risk pou senyen si yo pran atovaquone-proguanil. Doktè a kapab ajiste dòz Coumadin pou pèmèt ou pran toulède medikaman yo san pwoblèm.

## Ki efè segondè posib atovaquone-proguanil?

Moun tolere atovaquone-proguanil byen, epi efè segondè yo ra. Reyaksyon negatif ki pi komen yo te rapòte se doulè lestomak, kèplen, vomisman, ak maltèt. Efè segondè sa yo kapab diminye souvan si ou pran atovaquone-proguanil avèk manje.

Tout medikaman ka lakòz efè segondè. Efè segondè minè tankou kèplen, vomisman pafwa, oswa dyare anjeneral pa oblige ou sispann pran medikaman kont malarya. Si ou pa kapab tolere medikaman kont malarya, wè pwofesyonèl swen sante ou; gen lòt medikaman kont malarya ki disponib.

## Lòt konsiderasyon

- Bon pou moun k ap pran desizyon pou vwayaje nan dènye minit paske yo kòmanse pran medikaman an 1-2 jou anvan yo vwayaje pou ale nan yon zòn kote moun ap transmèt malarya
- Bon chwa pou vwayaj ki pi kout yo paske ou sèlman gen pou pran medikaman an pandan 7 jou apre ou vwayaje olye ou pran li pandan 4 semèn
- Ka pi chè pase kèk lòt chwa (sitou pou vwayaj ki dire plis tan)

## Konbyen tan mwen kapab pran atovaquone-proguanil san risk?

CDC pa gen limit sou itilizasyon atovaquone-proguanil pou prevansyon malarya. Pa gen prèv domaj lè yon moun pran medikaman an pou peryòd tan ki long.

## Pou jwenn plis enfòmasyon:

Tcheke sitwèb CDC pou malarya nan [www.cdc.gov/malaria](http://www.cdc.gov/malaria)

Pwofesyonèl swen sante ki bezwen èd avèk dyagnostik oswa kontwòl ka malarya yo sispek ta dwe rele Liy Enfòmasyon CDC pou Malarya: 770-488-7788 oswa 855-856-4713 gratis (Lendi-Vandredi, 9am-5pm, lè zòn lès).

Konsiltasyon pou ijans apre lè biwo fèmen, rele nimewo: 770-488-7100 epi mande pou pale avèk yon klinisyen Branch Malarya CDC.

## Evite Pran Malarya

- Pran yon medikaman kont malarya.
- Pa kite moustik mòde ou.
- Si ou malad, chèche swen pwofesyonèl swen sante imedyatman.